दिन–सोमवार  दिनांक–06.04.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ  अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्र सरकार पांच किलोग्रामक एलपीजी सिलेंडर के बिक्री बढ़ा देलक अछि। वैध पहचान पत्र देखेला पर एलपीजी वितरक काउंटर पर ई सिलेंडर उपलब्ध कराओल जा रहल अछि। पेट्रोलिय आ प्राकृतिक गैस मंत्रालय जनौलक जे आपूर्ति बढ़ेलाक बाद तेईस मार्च सँ पांच किलोग्रामक लगभग छओ लाख साठि हजार सिलेंडर सभक बिक्रि भेल अछि। एहि सिलेंडर सभक दाम बजार दर पर राखल गेल अछि आ एकरा खरीदबाक लेल कोनो प्रकारक पता प्रमाण पत्रक आवश्यकता नहि अछि। एम्हर, पटना मे भारत पेट्रोलियम पांच किलोग्राम बला सिलेंडर उपभोक्ता लोकनि धरि पहुंचेबाक लेल विशेष अभियानक शुरूआत कयलक अछि। क्षेत्रीय प्रबंधक अंशुल कुलश्रेष्ठ जनौलनि जे प्रवासी मजदूर तथा छात्र लोकनिक लेल छोट सिलेंडर आसान आ सस्ता विकल्प साबित भऽ रहल अछि।

---

भारतीय जनता पार्टी आइ अपन सैंतालीसम स्थापना दिवस मना रहल अछि। एहि अवसर पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, गृहमंत्री अमित शाह आ भाजपा अध्यक्ष नितिन नवीन सहित पार्टीक कतेको वरिष्ठ नेता लोकनि कार्यकर्त्ता लोकनि के बधाई आ शुभकामना देलनि अछि। श्री मोदी कहलनि जे भाजपा कार्यकर्ता निःस्वार्थ सेवा, अटूट समर्पण आ सुशासन के प्रति अपन प्रतिबद्धता के लेल जानल जायत छथि। अपन वीडिया संदेश मे श्री मोदी कहलनि जे हमर पार्टी जनकल्याण के अपन प्राथमिकता बनौलक अछि।

---

प्रधानमंत्री कहलनि जे सरकार ई सुनिश्चित करबाक लेल काज कऽ रहल अछि जे दू हजार उनतीसक चुनाव नारीशक्ति वंदन अधिनियमक अनुसार आयोजित कयल जाय। श्री मोदी कहलनि जे यूनिफॉर्म सिविल कोड, वन नेशन वन इलेक्शन पार्टीक अगिला मिशन होयत। भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नवीन कहलनि जे पार्टीक शक्ति लाखों कार्यकर्ता लोकनिक समर्पण आ प्रतिबद्धता पर निर्भर अछि। नव दिल्ली मे पार्टी स्थापना दिवस के अवसर पर आयोजित कार्यक्रम के संबोधित करैत ओ ई बात कहलनि। श्री नवीन कहलनि जे पार्टी राष्ट्र प्रथम के अवधारणा पर काज कऽ रहल अछि।

---

एम्हर, राजधानी पटना स्थित भाजपा प्रदेश मुख्यालय मे एहि अवसर पर कतेको कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी विभिन्न जिला सभ सँ आयल कार्यकर्ता लोकनिक संग संवाद कयलनि। ओ जनौलनि जे पार्टीक प्रदेशक इकाई द्वारा सप्ताह धरि विभिन्न कार्यक्रम आयोजित कयल जायत। जिला मुख्यालय सभ सँ हमर संवाददाता लोकनि जनौलनि जे पार्टीक स्थापना दिवस पर कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल जा रहल अछि।

——————————————————————

उद्योग मंत्री दिलीप जायसवाल कहलनि अछि जे सरकार अगिला पांच वर्ष मे उद्योगक क्षेत्र मे पचास लाख करोड़ टाका निवेश आकर्षित करबाक लक्ष्य राखलक अछि। श्री जायसवाल आइ पटना मे वित्तिय वर्ष दू हजार पच्चीस–छब्बीसक उपलब्धि सभक जनतब दऽ रहल छलाह। ओ कहलनि जे उद्योगक विकास सँ एक करोड़ युवा लोकनि के रोजगार देबाक लक्ष्य पूरा होयत। उद्योग मंत्री जनौलनि जे एहि वर्ष राज्य मे निवेशक सात सय सैंतालीस प्रस्ताव भेटि चुकल अछि, जकर कुल राशि सत्रह हजार दू सय सत्रह करोड़ टाका सँ बेसी अछि। श्री जायसवाल कहलनि जे राज्य मे उद्योग के विकासक अनुकूल स्थिति बनेबाक लेल औद्योगिक निवेश, प्रोत्साहन नीति आ सेमीकंडक्टर नीति लागू कयल गेल अछि। संगहि सरकार छोट आ मध्यम उद्योग सभ के प्रोत्साहन देबाक लेल एमएसएमई निदेशालय के गठन कयलक अछि।

——————————————————————

मुख्यमंत्री राहत कोष न्यास पर्षदक पटना मे भेल बैसक मे विभिन्न आपदा आ दुर्घटना प्रभावित लोकनि के अनुग्रह सहायता राशि भोगतान के लेल चारि करोड़ सत्तरि लाख टाका सँ बेसी के राशि स्वीकृत कयल गेल। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे भेल बैसक मे राज्यक बाहर विभिन्न दुर्घटना सभ मे भेल नवासी मृतक लोकनिक आश्रित आ एकतालीस गंभीर रूप सँ घायल लोकनि के सहायता राशि देबाक प्रस्ताव पर सहमति बनल। एकर अलावे राज्य मे विभिन्न आपदा मे बहत्तरि गोटे के भेल मृत्युक मामिला मे परिजन लोकनि के सहायता राशि देबाक प्रस्ताव के सेहो मंजूरी देल गेल।

——————————————————————

मौसम विभाग आइ सँ नओ अप्रील धरि प्रदेशक बेसीतर भाग मे तेज हवाक संग वर्षा हेबाक संभावना जनौलक अछि। विभाग कहलक अछि जे आइ राज्यक दक्षिण–पूर्व, दक्षिण–पश्यिम, उत्तर–पूर्व आ उत्तर–मध्य भाग मे किछु ठाम पचास सँ साठि किलोमीटर प्रतिघंटा के गति सँ धूल भरल आंधी चलबाक आशंका अछि। संगहि ठनका खसबाक सेहो चेतावनी जारी कयल गेल अछि।

——————————————————————

कटिहार सदर अस्पताल मे दवाई वितरण मे भेल अनियमितता के मामिला मे फार्मासिस्ट सहित आन कर्मी लोकनिक विरूद्ध जांचक आदेश देल गेल अछि। जिलाधिकारी आशुतोष द्विवेदी जनौलनि जे एहि मामिला मे कार्रवाई के आदेश देल गेल अछि।

——————————————————————

सुपौल के पिपरा थाना क्षेत्रक राजपुर गाम मे पुलिस छापामारी कऽ एक महिला के भारी मात्रा मे गांजा के संग गिरफ्तार कयलक अछि। बरामद गांजा के बजार मूल्य सोलह लाख टाका सँ बेसी जनाओल गेल अछि।

सहरसा जिलाक बैजनाथपुर थाना क्षेत्र मे अपराधी सभ एक मवेशी व्यपारी के गोली मारि कऽ लगभग चालीस हजार टाका लूटि लेलक।

——————————————————————

समाप्त